



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU DESANN DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE
ANSYEN REPREZANTAN RICHARD L. OTTINGER**

***Yo pral flote drapo yo a demi ma atravè Eta Nouyòk demen, 18 fevriye, ak nan jou
sèvis fineray Reprezantan Ottinger***

Gouvènè Kathy Hochul te bay lòd jodi a pou yo bese drapo yo a demi ma nan mèkredi 18 fevriye pou onore lavi ak sèvis piblik ansyen Reprezantan Richard L. Ottinger, ki te mouri lendi 16 fevriye a 97 an.

"Reprezantan Ottinger te yon fonksyonè piblik trè devwe, ki te kwè nan fè Nouyòk vin pi bon pou tout moun," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke yon defansè anviwònman enpòtan pandan tout tan li te pase nan Kongrè a e menm apre retrèt li, Reprezantan Ottinger te bay egzanp, pandan l ap goumen pou yon Nouyòk ki pi dirab e ki pi respekte anviwònman an. Mwen voye pi pwofon kondoleyans mwen bay fanmi Ottinger ak tout pwòch li yo."

Antanke yon gwo defansè anviwònman, Reprezantan Ottinger te sèvi nan Kongrè a pandan 16 an, kote li te reprezante majorite nan Konte Westchester Premye fwa li te eli nan Chanm Reprezantan Etazini an 1965, Reprezantan Ottinger te sèvi twa manda konplè, epi apre sa li te antre nan yon dezyèm peryòd sèvis ki te dire yon dizèn ane, apati 1975. Pandan tout karyè li nan sèvis piblik, Reprezantan Ottinger te goumen anpil pou netwaye Rivyè Hudson, frennen polisyon, epi prezève resous natirèl esansyèl pou Nouyòk

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)